



State of New York

Executive Chamber

Non 168.4

DEKRÈ EGZEKITIF

KONTINYASYON DEKLARASYON IJANS KATASTWÒF NAN SENK KATYE VIL NEW YORK YO AK KONTE DUTCHESS, NASSAU, ORANGE, PUTNAM, ROCKLAND, SUFFOLK AK WESTCHESTER KI ENKÒPORE REJYON OTORITE TRANSPÒ METWOPOLITEN AN NAN ETA NEW YORK LA


LÈ NOU KONSIDERE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif No 168 la, mwèn te deklare yon katastwòf jiskaprezan nan senk katye Vil New York yo ak Konte Dutchess, Nassau, Orange, Putnam, Rockland, Suffolk ak Westchester ki enkòpore Rejyon Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Eta New York akòz de ogmantasyon pàn ki toujou ap plede rive nan ray yo, siyal yo, egiyaj yo, ak lòt enfastrikti transpò toupatou atravè sistèm lan ki gen ladan Estasyon Pennsylvania a ki sitiye nan Konte New York la (Penn Station), sa ki te lakoz plizyè derayman tren, gwo pàn pèsistan nan ray yo, ak entèripsyon sèvis yo nan fason konsiderab k ap enpakte sante ak sekirite anpil santèn milye pasaje;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn k ap kontinye gen nan ray la yo, nan siyal yo, egiyaj yo, ak lòt enfastrikti toupatou atravè sistèm tren ak subway MTA yo kontinye poze yon menas iminant epi yo gen yon trè gwo enpak devastatè sou sante, sekirite ak mwayen sibzistans pou pasaje, touris, rezidan Nouyòkè yo ansanm ak biznis ak komès nan Distri Transpò Pasaje Metwopoliten an (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD), ki se motè ekonomik rekoni Eta New York la, epi akòz de sa, pàn yo te afekte ekonomi Eta New York la nan yon fason negativ;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn ak entèripsyon sèvis tren yo ki nesèsè pou yo ka reyalize Pwogram Reparasyon Amtrak la (Amtrak Repair Program), ak lòt reparasyon ki nesèsè pou repara ray yo, siyal yo, egiyaj ak lòt enfastrikti transpò toupatou atravè sistèm tren ak subway MTA a yo kontinye rete nesèsè pou pwoteje popilasyon an, sante ak sekirite pasaje, touris, rezidan Nouyòkè yo epi sa pral rann transpò ki la deja lè gen katastwòf ijans yo pi mal akòz nan move kondisyon Penn Station lan ak sistèm tren ak subway MTA a an jeneral la ye a; epi,

LÈ NOU KONSIDERE, li kontinye rete nesèsè pou MTA ak afilye li yo pran mezi konsiderab imedya pou ede repara ray yo, siyal yo, egiyaj yo ak lòt enfastrikti transpò yo epi nan medyasyon pàn sou ray sa yo ak entèripsyon sèvis yo akòz katastwòf ijans sa a;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a, mwen bay lòd pwolonje dèlè tout modalite, kondisyon, ak enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif No. 168 la pou peryòd soti dat mwen te deklare katastwòf ijans lan konfòmman ak Dekrè Egzekitif No. 168 jiska 25 Novanm 2017.



SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to be "M. Cuomo", written over a horizontal line.

Sekretè Gouvènè a

FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan vennsizyèm jou mwa

oktòb ane de mil disèt la.

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Andrew M. Cuomo", written in a cursive style.